



Pou Piblikasyon Imedya: 15/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSPANSYON MIKWO-AKREDITASYON SUNY POU DOMÈN ANPLWA KI GEN DEMANN YO

SUNY ofri plis pase 400 mikwo-akreditasyon pou ogmante konpetans, avansman pwofesyonèl, ak preparasyon pou travay ak edikasyon nan domèn ki gen anpil demann, oswa kredi pou sètifika oswa diplòm nan nivo kolèj

Nan kad Inisyativ SUNY an nan Diskou sou Sitiyasyon Eta Gouvènè Hochul la ki vize ogmante opòtinite edikatif pou etidyan adilt yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ekspansyon opsyon aprantisaj rapid ak fleksib ak plis pase [400 mikwo-akreditasyon atravè 31 kanpis SUNY](#) pou ede tout moun, soti nan etidyan aktyèl yo rive nan pwofesyonèl k ap travay yo jwenn konpetans, konesans ak eksperyans ke patwon yo ap chèche. Mikwo-akreditasyon yo fèt pou konplete nan yon delè ki pi kout pase yon diplòm kolèj, k ap pran youn oswa de semès, pa kèk ane, pou konplete, epi bay prèv imedya sou konpetans yo metrize atravè yon relve nòt kolèj oswa badj dijital.

"Antanke sistèm inivèsite piblik ki pi solid nan peyi a, SUNY byen pozisyone pou li trase wout la nan prepare Nouyòkè yo pou mache travay ki ap evolye rapid nan tan k ap vini an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram mikwo-akreditasyon an pral pèmèt Nouyòkè ki gen tout orijin pwofesyonèl pou jwenn konpetans ak konesans patwon yo ap chèche yo, yon fason ki pi imedyat ak fleksib pase sa yon kou kolèj tradisyonèl pèmèt. Apwòch avanse sa a pou edikasyon siperyè pral pozisyone New York kòm eta destinasyon pou biznis k ap mande yon mendèv ki gen anpil konpetans epi ki dinamik."

Konsantre sou plis pase 60 domèn etid, mikwo-akreditasyon SUNY yo nan domèn ki gen anpil demann tankou swen sante, biznis, edikasyon, enèji pwòp, teknoloji enfòmasyon, jistis kriminel, ak manifakti avanse. Chak mikwo-akreditasyon bay konpetans imedya, ki pare pou mendèv, epi pifò (64 pousan) ofri kredi akademik pou yon lòt mikwo-akreditasyon, sètifika, oswa yon diplòm inisyal oswa avanse. Kanpis SUNY yo ka pèsonalize mikwo-akreditasyon yo pou ede satisfè bezwen mendèv biznis yo, P-12, oswa òganizasyon kominotè yo.

Mikwo-akreditasyon yo se yon òf ki an akò ak apèl Diskous sou Sitiyasyon Eta Gouvènè a pou dirije nan opòtinite aprantisaj pou adilt epi ede Nouyòkè yo konble vid konpetans yo. Dapre Chanm Komès Etazini an, 74 pousan nan manadjè anbochaj yo dakò ke

mache a ap konstate yon vid an matyè konpetans, ak 48 pousan nan kandida yo ki manke konpetans ki nesèsè yo pou ranpli pozisyon ki ouvè yo. Anplis de sa, 74 pousan nan manadjè resous imen yo di kounye a yo egzije pou yo soumèt yon akreditasyon lè yo ap anboche.

Anplis ke li ofri nouvo pwogram edikatif inovan pou konble vid konpetans yo, Gouvènè a te mande tou yon revizyon pratik kolèj ak inivèsite yo pou elimine baryè pou etidyan yo. Nan Diskou sou Sitiyasyon Eta li a, li te mande lidèchip SUNY ak CUNY pou yo mete fen nan pratik pou kenbe relve nòt etidyan ki gen balans ki pa ko peye yo, ki te aplike nan kèk semèn apre diskou li a. Lè etidyan yo gen relve nòt, sa pèmèt yo re-enskri nan yon kanpis, transfere kredi, konplete diplòm yo, epi jwenn travay ki ta ka ede yo peye balans yo ki pa ko peye.

Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare, "Patwon yo ansanm ak anplwaye yo ap chèche mikwo-akreditasyon pou yo afime plis konpetans espesyalize ki nesèsè kounye a nan swen sante, teknoloji enfòmasyon, ak anpil lòt domèn. SUNY se te youn nan premye sistèm inivèsite nan peyi a ki te adopte yon politik inovan pou mikwo-akreditasyon pou konble vid ki genyen nan konpetans pou adilt k ap aprann yo, ak yon konsantrasyon sou kalite akademik avan tout bagay. Atravè ekspètiz pwofesè nou yo ak an patenarya ak patnè kominotè yo, rejyonal yo ak eta yo, kounye a nou gen yon gwo pòtfolyo mikwo-akreditasyon ki gen bon jan kalite pou nou ka kòmanse atenn objektif Gouvènè Hochul la pou ede plis Nouyòkè aprann konpetans ki nesèsè pou mendèv jodi a."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Nou nan epòk aprantisaj ki dire pandan tout lavi. Ekspansyon pwogram mikwo-akredisyon SUNY an se yon gwo ogmantasyon nan apwòch plizyè fasèt Gouvènè Hochul la ki asire Nouyòkè yo resevwa bon jan fòmasyon yo bezwen pandan y ap kreye yon mendèv kalifye pou biznis yo. Se sinèrji konsa ki se resèt siksè ekonomik New York la."

Robert J. Duffy, Administratè Konsèy Administrasyon SUNY an, te deklare, "Mikwo-akreditasyon SUNY yo ta dwe yon ogmantasyon estanda nan pwogram avantaj anplwaye yo nan biznis New York yo, distri lekòl P-12 yo, ak patnè kominotè yo. Li se yon sitiyasyon gányan gányan pou patwon yo ak anplwaye yo atravè fòmasyon an tan reyèl, k ap amelyore konpetans, devlopman pwofesyonèl, ak yon investisman nan edikasyon kontinyèl atravè mikwo-akreditasyon adisyonèl, yon inisyas oswa menm yon diplòm avanse."

Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare, "Pandan ane yo, sistèm SUNY an te yon lidè inovan pou eta nou an, soti nan devlope pwogram nanoteknoloji rive nan ankouraje ekonomi lokal yo. Lè nou agrandi pwogram mikwo-akreditasyon inovan yo, nou pral bay opòtinite akselere pou tout moun k ap aprann yo, pandan y ap konble vid ki genyen nan kèk domèn tankou swen sante ak edikasyon. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te ede yon lòt fwa ankò ankouraje lidèchip SUNY ki panse pou lavni."

Manm Asanble Deborah J. Glick te deklare, "Edikasyon siperyè travay pi byen lè li rankontre etidyan yo kote yo ye a. Mikwo-akreditasyon SUNY yo pèmèt adilt k ap aprann yo avanse karyè yo rapidman ak yon fason efikas nan zòn ki gen anpil demann yo nan eta a. Li pèmèt tou etidyan aktyèl yo jwenn konpetans espesyalize ki ka fè li posib pou yo touche pandan y ap aprann, paske etidyan kolèj jodi a yo souvan ap travay pandan yo ale lekòl. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak SUNY paske yo elaji òf mikwo-akreditasyon an pou etidyan k ap aprann yo pandan tout dire lavi New York."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Biznis nan Eta New York la, Heather Briccetti, te deklare, "Adapte modil aprantisaj tradisyonèl la pou li mache ak bezwen mendèv yo se yon fason inovan pou konble filyè talan an nan New York. Mikwo-akreditasyon yo pèmèt moun k ap chèche travay yo montre yo gen ladrès pou satisfè demann travay yo pandan y ap mete yo sou yon chemen ki gen plis opòtinite. Menm jan an tou, yo se 'konpetan ki rive egzakteman a tan' ke patwon yo ap chèche pou entegre moun yo epu mete yo nan mendèv la. Nou espere kontinye travay ak SUNY pou pataje valè mikwo-akreditasyon yo ak kominote biznis lan pou plis anplwayè konnen sou gwo kourikoulòm ki baze sou konpetans sa a."

Pwogram mikwo-akreditasyon SUNY an kontinye grandi ak evolye, ak priyorite aktyèl yo ki santre sou: kominikasyon amelyore sou mikwo-akreditasyon ki disponib yo; idantifikasyon vid ki genyen nan endistri yo oswa pwofesyon ki gen rapò ak eta a; sa k ap kreye plis chemen soti nan nivo antre rive nan travay avanse ak soti nan sètifika rive nan diplòm avanse; ak rasyonnalize pwosesis aplikasyon ak transkripsyon yo. Nan kad objektif Gouvènè a, SUNY pral kontinye priyore pwogram rekritman ak edikatif yo, ak fè ankèt pou idantifye ak redui baryè pou etidyan adit yo.

SUNY se yon lidè nasyonal ak mondyal nan devlopman mikwo-akreditasyon Pwogram SUNY an diferan nan yon anviwònman nasyonal konpetitif paske se pwofesè SUNY yo ki anseye mikwo-akreditasyon li yo epi yo konsantre sou estanda kalite strik pou akòde kredi kolèj la. Pandanke mikwo-akreditasyon SUNY yo reponn ak tandans nasyonal ak entènasyonal yo ak estanda pwofesyonèl yo, yo adapte tou ak bezwen mendèv lokal, rejyonal ak eta a yo.

Kanpus ki Ofri Mikwo-akreditasyon yo Aktyèlman:

SUNY Adirondack, University at Albany, Binghamton University, Broome Community College, Buffalo State College, University at Buffalo, SUNY Canton, Cayuga Community College, SUNY Cobleskill, Columbia-Greene Community College, Corning Community College, Dutchess Community College, Empire State College, SUNY Erie, Farmingdale State College, Fulton-Montgomery Community College, Genesee Community College, SUNY Geneseo, Hudson Valley Community College, Jefferson Community College, Mohawk Valley Community College, Monroe Community College, Niagara County Community College, SUNY New Paltz, SUNY Old Westbury, SUNY Optometry, Rockland Community College, SUNY Schenectady, Tompkins Cortland Community College, SUNY Ulster, ak Upstate Medical University.

Prezantasyon State University of New York

State University of New York se pi gwo sistèm konplè nan edikasyon siperyè nan Etazini epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm lan, SUNY genyen kat sant sante akademik, senk lopital, kat fakilte medikal, de fakilte dantè, yon lekòl dwa, sèl inivèsite optometri Eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory) an. An total, SUNY sèvi anviwon 1.3 milyon etidyan nan kou ak pwogram ki ofri kredi, edikasyon kontini ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2021 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, ale nan sitwèb www.suny.edu.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418